

Tanpri siyen epi retounen

Chè Paran/Gadyen,

Pwogram andeyò lè lekòl sa (“Program”) ap fè pati nan yon inisyativ nan tout vil la (“Patenarya nan Inisyativ Ansèyman sosyal ak Emosyonèl”) (PSELI) pou tout oswa yon pati nan peryòd tan apati Septanm 2017- Jen 2021. Inisyativ sa a ke Boston Public Schools (“BPS”) and Boston After School & Beyond (“BASB”) jere, ap chèche pou konprann kalite tan ansèyman pwolonje nan Greater Boston ak kijan pwogram yo sipòte ansèyman sosyal ak emosyonèl elèv yo. Plizyè òganizasyon rechèch pral ede nan pwojè mezi a: Enstiti Nasyonal sou Tan apre lekòl [National Institute on Out-of-School Time (NIOST)], Enstiti PEAR (“PEAR”), RAND Kòporasyon ak Kolaborasyon pou Ansèyman Akademik Sosyal ak Emosyonèl [RAND Corporation, and Collaborative for Academic, Social and Emotional Learning] (“CASEL”)(kolektivman, “Òganizasyon Rechèch yo”).

Lè ou ranpli, siyen, epi retounen Fòm Konsantman sa a, ou rekonèt epi dakò avèk sa ki annaprè a:

BASB, Research Organizations, ak Boston Public Schools (“BPS”) ap gen aksè a demografik ak enfòmasyon akademik ki annaprè a sou pitit ou (ke yo jwenn nan Pwogram ak/oswa BPS): prezans elèv la nan pwogram lan, lekòl ou te frekante, ras, sèks, klas, laj/dat nesans, estati Elèv kap aprann lang Angle (ELL), kòd postal kay la, prezans pandan ane lekòl (jou prezan, jou anreta, pousantaj), dosye disiplin (ensidan sispansyon total, jou sispansyon, ekspilasyon), rezilta tè, State Assigned Student Identifier (SASID) ak ID Lekòl Piblik Boston. Done sa yo konfidansyèl e yap itilize yo pou evalyasyon nan bi pou amelyore tan elaji nan pwogram ansèyman

Konfidansyalite sou Done ki Kolekte a

Patisipasyon pitit ou nan inisyativ la ede nou pi byen konprann tan pwogram ansèyman pwolonje nan Greater Boston ak kijan pwogram lan sipòte ansèyman sosyal ak emosyonèl elèv yo. Yap kenbe konfidansyèl tout done ki kolekte yo ki ka idantifye pitit ou. Nan rapò rezilta rechèch yo, nou pral rapòte sèlman gwoup done ak/oswa done ki pa bay idantifikasyon w. A okenn moman ak nan okenn fason yo pa pral idantifye yon elèv nan yon rapò piblik. Sèl eksepsyon nan konfidansyalite se pral nan ka kote nenpòt enfòmasyon ki pibliye ap endike ke timoun nan andanje.

Piblikasyon Foto ak Videyo

BPS, BASB ak/oswa patnè/ajan yo ka fè anrejistreman videyo oswa pran foto sou patisipasyon pitit ou nan pwogram lè yo itilize videyo ak/oswa fotografi dijital. Yo ka pran imaj sa yo anvan, pandan, oswa apre pwogram nan. Yo ka itilize imaj sa yo nan bi pou pataje patisipasyon pitit ou ansanm avèk pèspektiv ki asosye a yon odyans piblik. Yo ka pibliye imaj yo, afiche oswa jwe yo atravè yon varyete chanèl kominikasyon, enkli men ki pa limite a enprime, televizyon, ak/oswa sou entènèt

Tanpri ranpli, siyen epi retounen.

Lè mwen siyen fòm sa ki anba, mwen bay pèmision pou pitit mwen patisipe nan Pwogram PSELI Measurement, e mwen rekonèt ke mwen te li, konprann, epi aksepte tout aspè yo nan PSELI Measurement ki dekri nan fòm sa a.

Pwogram kote pitit ou enskri: _____

Non Konplè Timoun nan (Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi): _____

Dat Nesans Timoun: _____ **Timoun BPS ID:** _____

Sèks Timoun: _____ **Klas Aktyèl Timoun (Ane lekòl 2019-2020):** _____

Lekòl Timoun: _____

Non Paran/Gadyen: _____ **Relasyon avèk Timoun nan:** _____

**** SIYATI PARAN/GADYEN **:** _____ **Dat:** _____